



Haitian Creole Edition
Grade 8 Mathematics, Book 3
Sample Test 2005

Matematik
Liv 3

Ane **8**

Egzanp Egzamen 2005

Non _____

KONSÈY POU FÈ EGZAMEN AN

Men kèk sijesyon pou ede ou fè tout sa ou kapab.

- Asire ou li avèk atansyon tout direksyon ki nan tiliv egzamen an.
- Ou ka sèvi avèk zouti pou ede ou rezoud nenpòt pwoblèm ki nan egzamen an.
- Li chak kesyon avèk atansyon epi reflechi sou repons lan anvan ou ekri repons ou.
- Asire ou montre travay ou lè yo mande ou pou fè sa. Ou ka resevwa yon pati nan kredi a si montre travay ou.
- Sèvi ak kalkilatris ou pou ede rezoud pwoblèm ki nan pati sa a nan egzamen an.



Desen sa a vle di ou pral sèvi avèk règ ou yo.




Desen sa a vle di ou pral sèvi avèk rapòtè ou yo.

Fich Revizyon Matematik

FÒMIL

Teyorèm Pitagò



$$c^2 = a^2 + b^2$$

Enterè Senp

$$I = prt$$

Distans Fòmil

$$d = rt$$

KONVÈSYON

Konvèsyon Tanperati

$$F = \frac{9}{5}C + 32$$

$$C = \frac{5}{9}(F - 32)$$

Konvèsyon Mezi

$$1 \text{ mil} = 5.280 \text{ pye}$$

$$1 \text{ yad} = 3 \text{ pye}$$

34

Luisa ap travay nan magazen bijou granpapa li. Li depoze salè li nan yon kont-depay. Balans kont-depay li pou senk nan sis dènye semenn yo prezante nan tablo fonksyon ki anba a.

KONT-DEPAY LUISA

Semenn (<i>w</i>)	Balans Kont-Depay (<i>b</i>)
1	\$510
2	\$620
3	\$730
4	\$840
5	?
6	\$1.060

Pati A

Selon done ki nan tablo fonksyon an, ekri yon règ fonksyon ki montre konbyen lajan Luisa sere chak semenn.

Règ _____

Pati B


Selon tablo a, konbyen lajan ki nan kont-depay Luisa a nan 5^{yèm} semenn nan?

Repons \$ _____

Kontinye

35

Sou kadriyaj ki anba a, trase imaj Pentagòn ABCDE ki genyen sant nan orijin nan apre yon dilatasyon 3. Mete lejann sou imaj A'B'C'D'E'.



36


Chyen Tracy a manje 8 ons manche chyen chak jou. Konbyen liv manje chyen li ap manje nan 40 jou?

Montre travay ou.

Repons _____ liv

Kontinye

37 Nan figi ki anba a, \overline{DC} koupe \vec{BA} nan pwen B.



[pa trase selon echèl la]


Ki mezi $\angle ABC$ an degre?

Montre travay ou.

Repons _____ degre

38

Shane sèvi ak yon kadriyaj pou deside fason pou li ranje mèb nan salon li. Fòm ak pozisyon sofa Shane nan prezante sou kadriyaj ki anba a. Li deplase sofa a de 4 inite adwat ak 2 inite anwo. Sou kadriyaj ki anba a, trase nouvo pozisyon sofa Shane nan.



Kontinye

39

Juanita mal rezoud yon ekwasyon, jan sa endike anba a.

$$3x + 6 = 24$$

$$\frac{3x}{3} + 6 = \frac{24}{3}$$

$$x + 6 = 8$$

$$x = 2$$

Pati A

Sou liy ki anba yo, eksplike an kèk mo erè Juanita te fè a.

Pati B

Rezoud ekwasyon $3x + 6 = 24$ kòrèkteman.

Montre travay ou.

Repons _____

40

Xavier achte yon chemiz ki te an vant pou 20% pri orijinal la. Li sèvi tou ak yon kupon ki ba li yon lòt 15% rabè sou pri lavant chemiz lan. Pri orijinal chemiz lan te \$37. Ki nouvo pri chemiz lan anvan taks?


Montre travay ou.

Repons \$ _____

Kontinye

41

Figi ki anba a montre dwat paralèl yon dwat sekant koupe.



[pa trase selon echèl la]

Pati A

Selon enfòmasyon ki nan figi a, konplete tablo ki anba a avèk mezi pou chak ang.

Ang	a°	b°	d°	w°	x°	y°	z°
Mezi an Degre							

Pati B

Deziyen yon pè ang siplemantè nan figi a.

Repons _____

42

Ekri yon ekwasyon ki reprezante "uit mwens de fwa yon nonb se karannde."

Ekwasyon _____


Rezoud ekwasyon an.

Montre travay ou.

Repons _____

Kontinye

43 Bryce trase kat ang yo montre anba a.



Pati A

Ki pè ang ki konplèmantè? _____

Ki pè ang ki siplemantè? _____

Pati B

Sou liy ki anba yo, eksplike fason ou jwenn repons ou.

44

Brian ak Steve vle konpare pri sereyal yo pi pito pou konnen kisa ki mwen chè. Tablo ki anba a prezante pri chak bwat sereyal ak kantite ons ki nan chak bwat.

BWAT SEREYAL

	Pwa Total (an ons)	Pri Total (pa bwat)	Pri (pa ons)
Sereyal Brian	24 ons	\$3,84	
Sereyal Steve	32 ons	\$4,48	

Pati A

Komplete tablo ki anwo a. Pou fè sa, kalkile pri pa ons pou chak kalite sereyal.

Pati B

Ki sereyal ki mwen chè pa ons?


Montre travay ou.

Repons _____

Kontinye

45

Nan dyagram ki anba a, dwat k ak n paralèl. Dwat l se yon dwat sekant.



[pa trase selon echèl la]

Pati A

Ki valè x ?

Montre travay ou.

Repons _____

Pati B

Ki mezi $\angle A$ an degre?

Montre travay ou.

Repons _____ degre

Pati C

Ki mezi $\angle B$ an degre?

Montre travay ou.

Repons _____ degre



Ane 8

Matematik

Liv 3

Egzanp Egzamen 2005

The McGraw-Hill Companies